

# ALOGRÈF: POU JWENN YON DONÈ

Yon alogrèf itilize selil ansante ki pwodui san yon donè bay pou ranplase selil ki pwodui san pa w yo ki pa ansante. Lè w aprann plis sou fason doktè yo jwenn meyè donè pasyan yo kapab ede w pran desizyon medikal ki eklere.

## KONTINYE LI POU **APRANN KONSÈNAN:**

- Ki kote selil ansante ki pwodui san yo soti
- Konpatibilite HLA
- Ki jan doktè yo chèche yon donè
- Ki jan ou rive jwenn selil ki pwodui san yon donè bay
- Kèk kesyon pou poze doktè w la

## KI KOTE **SELIL ANSANTE KI PWODUI SAN YO SOTI**

Lè w bezwen yon alogrèf, selil ansante ki pwodui san ou bezwen yo ap soti swa nan men:

- Yon donè, ki swa se:
  - Yon moun nan fanmi w, pi pwobableman yon frè w oswa yon sè w
  - Yon adilt ki pa yon manm fanmi w epi ki pote l volontè pou l vin yon donè pou nenpòt moun ki nan bezwen
- San ki sot nan kòd lonbrik, ki se san yo pran nan kòd lonbrik la ak nan plasenta a apre yon tibebe fin fèt. Leplisouvan selil sa yo soti nan yon bank san onbilikal piblik (ki sot nan yon tibebe ki pa fanmi w), men pafwa yo ka soti tou nan yon tibebe ki se manm fanmi w.

Si selil ou yo soti nan men yon donè, doktè w la ka mande moun nan pou l fè don swa:

- Mwèl zo: Tisi mou, ki tankou eponj ki andedan zo yo
- Selil souch san periferik (Peripheral blood stem cells, PBSC): Selil ki pwodui san ki nan sikilasyon san an

## **KONPATIBILITE HLA** AK REZON KI FÈ LI ENPÒTAN

HLA siyifi antijèn lekosit imen (human leukocyte antigens). HLA se pwoteyin – oswa makè – ki nan pifò selil ki nan kò ou. Konpatibilite HLA pi konplike lontan pase gwoupaj sangen. Sistèm iminitè w itilize makè sa yo pou rekonèt ki selil ki sipoze nan kò w ak ki selil ki pa sipoze nan kò w.

Pou jwenn yon donè ki matche depre avèk HLA w la enpòtan paske sa:

- Amelyore chans pou grèf la reyisi
- Ede selil donè w a pran (grandi epi pwodui nouvo selil sangen nan kò w)
- Redui risk pou maladi grèf kont ot (graft-versus-host disease, GVHD). GVHD rive lè selil donè a (grèf la) atake selil respinyan an (ot la).

## KI JAN DOKTÈ YO **JWENN DONÈ**

Tipikman, doktè grèf ou a pral dabò chèche pou yon donè ki matche avèk ou nan fanmi w. Si doktè w la jwenn yon match nan fanmi w, anjeneral se pral yon frè w oswa yon sè w. Rezon an se paske ou eritye mwaye nan HLA w la nan men manman w epi mwaye nan men papa w. Chak frè ak sè ki gen menm paran avè w genyen yon 25% chans (1 sou 4) pou l matche avèk ou. Se raman pou jwenn matant, tonton ak kouzen ki matche.

Pou asire yo pa pase sou ankenn donè potansyèl, doktè grèf ou a ka teste paran w tou oswa pitit ou yo pou wè si yo se yon match pou ou. Pa gen anpil chans pou paran w oswa pitit ou matche avèk ou, sepandan yo ka yon mwaye match oswa ki rele tou yon match aplo-idantik.

## **Se pa responsablite pa w pou chèche yon donè**

Apeprè 70% (7 sou 10) pasyan ki bezwen yon grèf pa genyen yon donè ki matche depre avèk yo nan fanmi yo. Si w pa gen yon donè ki matche depre avèk ou nan fanmi w, doktè w la pral fè rechèch nan Be The Match Registry® a pou jwenn yon donè ki matche avèk ou ki pa nan fanmi w oswa yon inite san kòd lonbrik.

Doktè yo fè rechèch sou plis pase 24,5 milyon potansyèl donè adilt epi plis pase 622,000 inite san onbilikal nan rejis Ozetazini (U.S.) ak nan rejis global.

## SA PRAN TAN POU JWENN YON DONÈ

Tipikman, sa pran apeprè 3 mwa apati moman rechèch la kòmanse pou rive nan jou grèf la. Si doktè w la ap chèche yon inite san onbilikal, sa ka pran kèk semèn. Pou kèk pasyan, yo pa jwenn donè oswa inite san onbilikal ki matche depre avèk yo. Si sa ta rive, doktè w la pral chèche lòt opsyon tretman pou ou.

Toutpandan doktè grèf ou a ap chèche donè oswa inite san onbilikal pou ou, ou pral kontinye resevwa swen epi jwenn tretman pou maladi w la. Li enpòtan pou oumenm ak fanmi w konsantre enèji w sou pran swen tèt ou. Ekip grèf ou a pran swen tout pati rechèch la, epi yo pral kenbe w okouran de pwogrè yo fè.

Yonfwa yo jwenn yon potansyèl match, epi yo verifye sa, yo pral teste donè a pou kèk pwoblèm medikal pou asire don l ap fè a san danje ni pou ou ni pou donè a. Yo tyeke donè a pou maladi atrapan plizyè fwa. Yo teste echantyon san yo pran nan fi ki ansent ki vle pote yo volontè pou fè don san kòd lonbrik tibebe yo a tou anvan yo konjele epi estoke inite san onbilikal la.

## POU JWENN SELIL DONÈ A BAY LA

Si selil w ap resevwa yo sot nan men yon donè ki pa fanmi w, se yon kourye ki byen fòmè ki pral fè livrezon selil sa yo nan sant grèf ou a. Selil ou yo ka soti yon kote Ozetazini oswa nan yon lòt peyi. Pèsonèl ki gen eksperyans nan Be The Match® koòdone livrezon selil donè a bay la epi y ap asire yo rive nan sant grèf ou a nan lè ou bezwen yo.

Si selil w ap resevwa yo soti nan yon manm fanmi w, li ka fè don a nan menm lopital kote w ap gen pou fè grèf la. Si manm fanmi w lan pa abite pre w, yon kourye ka fè livrezon selil ou yo. Si w ap resevwa selil ki sot nan yon inite san onbilikal, selil yo ap soti nan bank san onbilikal la pou ale nan sant grèf ou a nan yon respityan espesyal.

Tipikman, selil ki sot nan donè w la rive nan 1 oswa 2 sak. Yon grèf se pa yon operasyon. Yo mete selil ki ansante ki sot nan donè w la nan kò w tankou lè y ap fè yon transfizyon san kote yo itilize katètè santral ou a.

## KÈK KESYON POU POZE DOKTÈ W LA

Pandan w ap prepare w pou alogrèf ou a, ou ka vle mande doktè w la:

- Ki manm fanmi w pral teste kòm donè potansyèl?
- Si donè mwen an se yon manm fanmi m, ki sa li pral gen pou l fè?
- Si m pa gen yon donè ki matche m nan fanmi m, èske w pral chèche yon donè adilt oswa yon inite san onbilikal?
- Si w paka jwenn yon donè ki matche oswa yon inite san onbilikal, ki lòt opsyon mwen genyen?
- Avèk ki frekans mwen pral resevwa mizajou sou rechèch donè mwen an? Kiyès pou m rele si m gen kesyon sou rechèch donè mwen an?
- Èske yon donè ki pasyèlman matche oswa yon donè aplo-idantik (matche a mwatye) se yon opsyon pou mwen?



## NAN CHAK ETAP, NOU LA POU EDE W

APRANN: [BeTheMatch.org/patient](https://www.bethematch.org/patient)

IMÈL: [patientinfo@nmdp.org](mailto:patientinfo@nmdp.org)

KÒMANDE: [BeTheMatch.org/request](https://www.bethematch.org/request)

RELE: 1 (888) 999-6743



Sitiyasyon medikal, eksperyans grèf, ak rekiperasyon chak moun diferan. Ou ta dwe toujou kontakte ekip grèf ou oswa doktè fanmi ou konsènan sitiyaasyon ou. Enfòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ni yo pa ta dwe ranplase jijman oswa konsèy medikal yon doktè.